



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN DEZYÈM TOU KONKOU KREYASYON ATRAVÈ ETA A

Gayan yo Resevwa Finansman pou Ede yo Kreye e Pwodwi Je Videyo

Konkou an te resevwa 25 Kandidati soti toupatou nan New York

Konpetisyon Inovatè sa a Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse gayan dezyèm tou Konkou pou Kreyasyon Je Videyo (Game DEV Challenge) nan Eta New York. Konkou an te envite etidyan ki enskri nan enstitisyon siperyè ak inivèsite Eta New York, ansanm avèk kreyatè endepandan k ap viv nan eta a, pou egzekite lide nèt lè yo te aplike pou genyen prim pou soutni kreyasyon je videyo. Yo te jije aplikan yo selon deskripsyon je videyo yo te bay la, pwototip, plan pou antrepriz ak titora, e delè pou kreyasyon an.

“Kreyatè sa yo se pi bon ki genyen, e se yo k ap kore kwasans endistri je videyo an atravè New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite tout gayan jodi a yo, nan sektè inovatè sa a, e m ap kontan kolabore avèk yo pi plis nan sant je videyo nou yo, ki an plèn kwasans, piske se yo ki pral devlope pwochen jenerasyon teknoloji dijital Eta New York la.”

Yo te chwazi gayan yo pandan yon evènman yo te òganize nan Sant Medya, Lèza, Je Videyo, Entèraksyon ak Kreyativite (Media, Arts, Games, Interaction and Creativity, MAGIC) Rochester Institute of Technology (RIT) nan The Strong, Rochester. An total, konpetisyon an te resevwa 25 kandidati.

Nan Kategori pou Etidyan yo, Gayan yo se:

Premye plas: RIT-- Aesthetician Labs (Laboratwa Estetisyen): Noah Ratcliff, yon etidyan twazyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Columbus, Ohio; Aidan Markham, yon etidyan twazyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Rochester, NY; ak Sam Cammarata, yon etidyan dezyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Holland, NY, pou “Crazy Platez”.

Dezyèm plas: RIT-- Team Odyssey: Alexander Woodward, yon etidyan katriyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Centerville, OH; Stephen Callan,

yon etidyan twazyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Pittsburgh; Justine Levine, yon etidyan twazyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Somers, NY; ak Edward Opich, yon etidyan twazyèm ane nan domèn konsepsyon ak kreyasyon je videyo, ki soti Conesus, NY, pou “Odyssey”.

Twazyèm plas: Rensselaer Polytechnic Institute (RPI) -- Team Tunacat: Fanghong Dong, yon etidyan dezyèm ane nan domèn la ak syans je videyo ak similasyon, ki soti Lachin; e Hongyang Lin, yon etidyan dezyèm ane nan domèn la ak syans je videyo ak similasyon, ki soti Lachin, pou “Mastery”.

Nan Kategori Kreyatè Endepandan, Gayan yo se:

Premye plas: Razbury Games—Dean Razavi, ki soti New York, NY, pou “From Rust”.

Dezyèm plas: Snow Day Software—Colby Breidenstein ak Brian Russ, ki soti Buffalo, NY, pou “Hovership Havoc”.

Twazyèm plas: Imaginary Monsters—Peter Lazarski, ki soti Rochester, NY, pou “Abyxis”.

Ganyan premye plas, nan toude kategori yo, te genyen 12,000 dola chak; gayan dezyèm plas, nan toude kategori yo, te genyen 8,000 dola chak; e ganyan twazyèm plas, nan toude kategori yo, te genyen 5,000 dola chak. Yo sanse sèvi ak lajan an pou kreyasyon ak pwodiksyon je videyo yo. Yo pral enkli gayan yo tou nan kouvez sou entènèt RIT, NYU, oswa RPI pou jiska ennan e yo pral gen aksè a yon rezo konseye. Ou kapab jwenn lis konplè gayan yo [isit la](#).

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare, “Konkou pou Kreyasyon Je Videyo an montre wòl emèjan RIT kòm yon sant medya dijital. Lè nou ankouraje elèv yo ak kreyatè endepandan pou yo konsevwa e pwodwi je videyo inovatè, konpetisyon tankou sa yo kreye nouvo djòb ak opòtinite nan rejyon Finger Lakes ak nan tout eta a”.

Robert Mostyn, Administratè Konkou Je Videyo Eta New York ak Kowòdonatè Sant Je Videyo nan RIT te deklare, “Nou gen anpil chans dèske nou gen anpil moun ki gen talan osen yon endistri rich, ansanm ak yon rezo ankadreman atravè tout eta a. Ansanm ak zanmi ak patnè nou yo, n ap travay pou bay Eta New York yon plas enpòtan nan endistri je videyo an. E defi sa a, ak kreyatè ke nou pral felisite jodi a, se yon pati enpòtan anpil nan rezo sa a—e nou kontan pou nou kontinye ap agrandi jodi a”.

Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon Empire State Development deziyen RIT, NYU ak RPI kòm Teknopòl Je Videyo an Janvyè 2016, e deziyasyon sa a ap rete pou jis 31 Desanm 2018. Teknopòl yo resevwa yon bourad finansman 150,000 dola nan men Eta New York chak ane, pou yon total twazan. Objektif la se ankouraje inovasyon ak aktivite tèt ansanm pou kreye nouvo je videyo oswa nouvel antrepriz, epitou bay resous ak konsèy ki ankouraje etidyan ak antreprenè antre nan endistri je videyo a. Teknopòl yo ede tou konpayi ki ekziste deja avèk konsèp pou je videyo, teknoloji ak tandans nan endistri a, epi yo òganize evènman ki konsantre sou ede kominote je videyo a.

Anplis de sa, sant sa yo kounye a se Sant Ekselans (Centers of Excellence) ki fèt pou ankouraje kolaborasyon ant kominote rechèch akademik ak sektè biznis la pou devlope e komèsyalize nouvo pwodwi ak teknoloji, pou ankouraje investisman enpòtan sektè prive a nan nouvo teknoloji wo nivo nan Eta New York, epi kreye e elaji biznis ki gen rapò avèk teknoloji ak travay. Pwogram sa a te kreye pou amelyore e akselere operasyon yo nan sant benefisyè yo, pou fasilite rechèch ak kreyasyon inivèsite ansanm ak endistri an, komèsyalizasyon pwodui, ak fòmasyon mendèv. Pou plis enfòmasyon sou Konkou pou Kreyasyon Je Videyo an, klike [isit la](#).

Konsènan Sant MAGIC RIT an

Sant MAGIC RIT an, se yon laboratwa rechèch ak kreyasyon nan tout inivèsite an, ki san bi likratif, ak yon estidyo pwodiksyon pou-pwofi ki ede nan jefò pou medya yo kreye alawotè estanda mache an ak estanda komèsyalizasyon. Fakilte, anplwaye ak elèv k ap fè rechèch yo, atis ak pratisyen yo reyini ansanm pou kreye, mete an kontèks, e aplike nouvo konesans nan yon pakèt domèn ak disiplin ki lye, jan sa apwopriye pa sèlman nan STEM oswa atizay ak imanite, men nan entèseksyon yo tou. Estidyo MAGIC (MAGIC Spell Studios) RIT yo, ki pral deplase al nan yon nouvo bilding nouvo an 2018, konsantre sou ankouraje e kore nouvo konpayi yo e pibliye ak distribye pwojè yo.

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)